ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЕЙ ЛЕГЪЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКI

№64 (20.972) ● 2007 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мечиев Таукъэ Iэсхьэд и къуэм и къалэнхэр пIалъэр къэмысу щхьэщыхьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхухlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и япэ Iыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щII:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мечиев Таукъэ Iэсхьэд и къуэм, Урысей Федерацым и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къиГъэпЪагъуэу зыуэ щыт республикэ хэхьапIэ округым щыхахам, и къалэнхэр пIалъэр къэмысу щхьэщыхьын 2007 гъэм мазаем и 20-м щыщIэдзауэ.

Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшык къалэ
2007 гъэм гъатхэпэм и 22-м
№1053-П-П

Псалъэм иIэ хуитыныгъэр

● Дыгъуасэ

Козак Дмитрийр Къанокъуэ Арсенр зэIущIэм хэтщ.

Ди газетым зэрытетащи, ди республикэм махуитIкIэ щекIуэкIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэмкIэ, информационнэ политикэмкIэ, псалъэм и куитныгъэмкIэ щыIэ комиссэм кьызэригъэпэща Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щылажьэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я жылагъуэ едэIуэныгъэхэр .

ИПЩЭ федеральнэ округым хьыкIэ субъект 13-м я лIыкIуэхэр зыхэта едэIуэныгъэхэм кьыпысыщ зэIущIэр дыгъуасэ «Интурист»-м щекIуэкIащ. Абы къриХьэлIащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ **Козак Дмитрий**, КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Ставрополрэ Владикавказрэ я Епископ **Феофан**, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

Гъатхэпэм и 29-м журналистхэм къаIэта Iуэхуэгъуэхэм («Хэт хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм щынэхъыщхьэр?», «Журналистикэм и жыпхъэхэр», «ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ властымрэ я зэхуэщытыкIэр», «IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теуХуа упщIэхэр», нэгъуэщIхэри) кьыпащэу утыку кьыщыпсэлъащ Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ телерадиокомпаниеэм я ассоциацэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ, «Пульс» ТРК-м и Iэтащхьэ **Скляров Алексей**, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, «Россия» телекомпанием и политикэ обозреватель **Свандзе Николай**, «Радио Россиим»-м и унафэщIым и къуэдзэ **Поволяев Владимир**, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, телерадионэтынхэм я лъэпкъ ассоциацэм и президент **Сагалаев Эдуард** ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием хьихьэ этнологиемрэ антропологиемкIэ институтым и унафэщI **Тишков Валерий**, жылагъуэм и гупсысэкIэр къэхуэгъэныкIэ щыIэ урысейпсо центрым и Iэтащхьэ **Федоров Валерий** сымэ, иэгъуэщIхэри.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм кьызэригъэпэща Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар и тэзыдыдэу кьызэрырахьэжьар жиIащ **Козак Дмитрий**.

- ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэр власты мрэ жылагъуэмрэ зэпызыщIэ Iэмэкъымэ лъэщ, - кьыхигъэщащ Козак. - Абы куэдкIэ елытагъ щIыпIэ властым и дэжьыгъэр къэгъэнэIуныр, щIыхубэр зрихьэлIэ гугъуехьхэр кьызэнэкIа хъУныр, щыIалъхьэ щIыпIэм и политикэ, экономикэ зыужьыныгъэр. Дэсыт щыгъуи хьыбарегъащIэ IэнатIэхэр тыншу, кьызыхуэтыншэу зэрылэжьэн Iэмалхэр кьахэзыдогъэпэщ, дяпэкIи купщIафIэу дызэрызэдэлэжьэнум шэч кьытесхьркъым.

КъэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен игъэбелджылащ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я мыхьэнэмрэ ягъэзащIэ кьалэныкъэ кьызэрымыкIуэу зэрыриныр; жылагъуэ зыхэщIыкIыр, дуней еплъыкIэр зыфIэзыгъэувэр журналистхэр зэрыарар; апхуэдэуи КъБР-м а IэнатIэм щыпэрыIэщIагъэлIхэр иужьрей ильэсхэм творческэ лъагапIэщIэхэм зэрыхуэкIуам убгъуауэ тепсэтыхьащ.

ЗэIущIэм и кIэухым журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ Козак Дмитрийр Къанокъуэ Арсенрэ.

Жылагъуэ едэIуэныгъэхэр кьызэзыгъэпэщахэм, абы хэтахэм кьабгъэдэкIыу УФ-м и Жылагъуэ палатэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэмкIэ, информационнэ политикэмкIэ, псалъэм и куитныгъэмкIэщыIэ комиссэм и унафэщI, Москва кьалэм и журналистхэм я союзым и президент, «Московский комсомолец» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Гусев Павел** фIыщIэ яхуищIащ, Iэгуауэшхуи хуаIэ гъапэ кьесыха республикэм и Iэщащхьэхэм, зэIущIэр купщIафIэу екIуэкIыным зи гущIэ хэзылъхьа лоим.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.



Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэралыр зыдэIэпыкъуну цIыхухэр нэхъыбэ мэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 40-м щIигъум щыхэплъащ. А зэIущIэр пригъэкIуэкIащ законхэр кьыдэзыгъэкI органым и УнафэщI Бечелов Ильяс.

ПАРЛАМЕНТЫМ ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хьумэныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Дадэ Суфьян** и лэжьэгъуэхэм я пащхьэм кърильхьащ «ЭщIагъэкIэ пэщIэдзэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ Iуэхущ» пIэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм щIэтхэм щеджэ студентхэм, еджакIуэхэм ират стипендиехэм я инагъын хуейм и Iуэхухlэ» законым и проектыр. Абы зэрыжиIамкIэ, а законопроектыр зэхалъхьэн хуей хьуащ зыхуэфащэ Федеральнэ законым и 3-нэ статьям зэхъуэжьыныгъэхэмрэ дэщIыгъуныгъэхэмрэ зэрыхалъхьам кьыхэкIыу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щолажьэ IэщIагъэкIэ пэщIэдзэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт федеральнэ еджапIэ Iуэхущапlэхэзэу 8. Студенту 3906-рэ щеджэ Iуэхущапlэм щхьэдэ республикэ бюджетым сом мелуан 94,5-рэ щыхухах, абы щыщу стипендиеу ятыну сом мелуани 10,1-рэ.

Республикэ бюджетым кьыхэкIыу апхуэдэуи ахъшэ хухах Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ, педагогикэ колледжхэм, гъуаджэмкIэ Кавказ Iщхьэрэ къэрал институтым и колледжым щIэс студент 1232-м. Абыхэм я еджэныгъэм трагъэкIуэдэн щхьэкIэ ильэсым хуэзэу сом мелуан 24,5-рэ хуатIупщ, абы щыщу сом мелуани 4,4-р стипендиеу.

Законопроектыр депутатхэм иратащ хэлъэкьыхьын щхьэкIэ.

Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** зэIущIэм кьыщыпсэльащ "Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыху гуп щхьэхуэхэм кьэрал социальнэ дэIэпыкIуныгъэ щратыным и Iуэхухlэ» КъБР-м и Законым и 5, 9 статьяхэм зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектымкIэ. А документым ипкъ иткIэ, кьэрал социальнэ дэIэпыкIуныгъэ яIэрыхьэн и лъэныкъуэкIэ хуитныгъэ яIэнущ хэл ящIыжа, апхуэдэуи политикэ репрессие зращIэкIауэ кьалэныгъэ щыхуэта псоми. Ирджыри кьызэсэй Федерацэм и законодательствэм и Лъабжьэхэм я пщалъэхэр гъэзэщIэн и лъэныкъуэкIэ зыуэ щыт бгъэдыхьэкIэм тетыныр кьызэгъэпэщын мурадкIэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм кьагъэуэ щыхубз уэндэгъуэм, сабий зыпI анэхэм, зи ныбжьыр ильэсищым щхьэдэмыха сабийхэм ящхьэм текIуадэр Урысей Федерацэм хэщIэкмкIэ кьалэн зыщищIыжхэм хэгъэхьэн, апхуэдэуи ищхьэмкIэ кьыщыхьа щIыху гуп лIэужьыгъуэхэм я гъэшэнэр Федеральнэ пщалъэм хуэдизу кьызэрызэрагъэщIэщ хабзэр гъэувыныкIэ полномочиер федеральнэ органым етын хуейуэ. А законопроектым ехьэлIащ ящIа дагъуэхэмрэ кьыхахьха Iуэхугъуэхэмрэ мэлыжьыхь мазэм и 15 пщIондэ кьыщтэнуц а Iуэхур кьэзыIэта комитетым.

Парламентым Законхэр кьыдэгъэкIыныкIэ и комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан** , абы и куэдзэ **Iэпщэ Заур**, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Малкаров Тхэхьир**, абы и куэдзэ хэу **Ат эпыкь Анатолийрэ Гончаренкэ Михаилрэ** , БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Ахьуэжьу Кьанщобий**, абы и куэдзэ **Колесников Александр**, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хьумэныкIэ комитетым и унафэщI **Иванов Игорь**, ЩIахабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубз хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Бабаев Хьусей**, Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсир кьэгъэсэбэпныкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор**, абы и кьуэдзэ **Мэремыкьу Сэфарбий**, Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** , абы и кьуэдзэхэу **Джэш ФатIимэрэ Гуляевэ Валентинэрэ** кьыхалъха, Урысей Федерацэм и нэгъуэщI субъектхэм я парламентархэм кьалэта закон жэрдэмэхэм зэпхьрыкIыным, Парламентым и Президиумым и хэтхэм абыхэмкIэ кьащтащ зыхуэфащэ унафэхэр.

Кьыхалъха Iуэхугъуэхэм щыгъуаз защIщ икIи Регламентымкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Гилиев Борис** жиIаха едаIуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящIащ КъБР-м и Парламентым и Председатель-Росснефть -НК» - Къэбэрдей-Балъкъэр гъэсыныпхъэ компание» ОАО-м и генеральнэ директор, КъБР-м и Парламентым и депутат **Кьардэн Валерий** , «Аттоев С. И. и цIэр зезыхьэ Iэщ льэпкъыфI завод» федеральнэ къэрал унитарнэ предприятэм и мэлыхьуэ **Анаев Хьэсэн** сымэ иратыну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэ.

Нэхъыжьыфiэм пщIэ хуащI

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президентым дежи щыIэ Нэхъыжьыфiэм я советым и зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ щыпIэ президент администрацэм и унафэщI Горяйнов Егоррэ абы и къуэдзэ Белоусов Валерийрэ.***

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, республикэм и президент ГъэхьэкIышнэ Асльэнджэрий и унафэкIэ иджыблагъэ а советым щIэуэ хахьжащ Адыгейм щIэ лъагэ щыжиIэ нэхъыжьыфIхэр щыпIэ.

Абы хьэхьащ щIынатъэм и муниципалитетхэм я лIыкIуэ зырыз.

Адыгейм и Президентым и пресс-Iуэхущапlэм кьыхэзыгатамкIэ, Нэхъыжьыфiэм я советым и тхъэмадзэу хахащ «Мейкьуапэ-транс» ООО-м и унафэщI, илъэс 70 зи ныбжь Щхьэлахъуэ Рэмэзан, абы и куэдзэщI пенсэм щыс, илъэс 74-рэ зи ныбжь Данько Евгений.

Къулыкъум текIынукъым

АБХЪАЗ. ***Республикэм и парламентым и зэIущIэм иджыблагъэ къыщыплъатэу вице-президент Хаджимбэ Рауль жиIащ и къулыкъум текIын мурад зэримыIэр.***

«ВИЦЕ-ПРЕЗИДЕНТ къулыкъым сытекIын хуэдэу ягъэхьыбарыр пэжкъым. Сэ си лэжьыгъэм сыпэрытщ, икIи Бэгъэпщ Сергейрэ сэрэ ди щIыхухэм кьыдагъэзэ я дзыхьыр и кIэм нэсу дгъэпэжынущ», - къыхиГъащIащ Хаджимбэ Рауль.

Апхуэдэуи пэжкъым. Сэ си лэжьыгъэм сыпэрытщ, икIи Бэгъэпщ Сергейрэ сэрэ ди щIыхухэм кьыдагъэзэ я дзыхьыр и кIэм нэсу дгъэпэжынущ», - къыхиГъащIащ Хаджимбэ Рауль.

Апхуэдэуи пэжкъым. Сэ си лэжьыгъэм сыпэрытщ, икIи Бэгъэпщ Сергейрэ сэрэ ди щIыхухэм кьыдагъэзэ я дзыхьыр и кIэм нэсу дгъэпэжынущ», - къыхиГъащIащ Хаджимбэ Рауль.

Сабий зеиншэхэр зэзышалIэм папщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭДЖЭС. ***Республикэм и парламентым иджыблагъэ кьыщIащ «Къэрэшей-Шэджэсым сабий зэзышэлIауэ зыщI унагъуэхэм я Iуэхухlэ» республикэм законыр. Абы къызэрыхэщыкIэ, апхуэдэ унагъуэхэм мазэ кьэс сом мини 2,5-рэ улахуэ папщIэу ратынущ.***

САБИЙзеиншэхэр зэзышэлIауэ зыпI унагъуэм я сабийхэр пщIэншэу гъэмахуэ лагерхэм ягъэкIуэнущ, езы адэ-анэхэми, зрашэлIа сабий бжыгъэм ельытауэ, къэрал льготэкIэ яIэнущ. Абы нэмыщIкIэ, илъэсих мыхъуа щыкIуэм папщIэ мазэ кьэс сом 4022-рэ унагъуэхэм ратынущ, илъэси 6-м щыщIэдзауэ 18-м нэсыхькIэ - сом 4692-рэ.

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олег.

Тэмэму гъэ тохьэ

Безенчук бгыдыхэм мы щIымахуэм зыщигъэткIинкым. Абы икъукIэ кьатригъэсынщIащ Iэщыхьуэхэм я лэжьигъэр.

МЫБЫ Аттоевым и цIэр зезыхьэ мэл лъэпкъыфI щагъэхьу заводым и хъущхэм зы Iэщыщхьэ хэмыщIу гъэ техьащ. Iэщыхьуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мэкъумыдлэкIэ зыхуей хуэзэу щIымахуэр изыха гуарэм мы илъэсым мэл щхьэбжьыгъэ 1200-м нэс хэхъуэу иIэнущ. «Iэщыр узынщэщи, къащIэхъуэну щынэхэми уащIытешыныхьыш щыIэкъым», - жаIэ илъэс куэд льандэрэ лэжьыгъэм пэрыт мэлыхьуэхэм. Заводым Iусипхъэ зэмыIуэжьыгъуэхэмрэ Iэщыр зыхуеину щыгъумрэ я гъунэжщ. Гупгупу гуэщуэ лажьэ мэлыхьуэхэм, заводым щIыхьлей кьрамыгъащIэу, кьалэн псори езыхэм я пщэ дальхожащ, апхуэдэ щIыкIэ кьыдагъахуэ ахъшэ бжыгъэр хозяйствэм кьыхуагъэсэбэпын папщIэ.

УнафэщIхэм я фIыгъэкIэ, Iэщыхьуэхэр щIэнэщу махуэм щэ шхэгъуэрэ зэрыщIыкIыну щыгъынгъуэмкIэ кьызэгъэпэща хьущ. Мэлыхьуэ пажэху Созаев Русланрэ Чочаев Мусльимрэ зэрыжаIэмкIэ, мы гъэм, адрей илъэс блэкIаэм елытауэ, фейдэ нэхъыбэ яIэнущ.

ЛЬОСТЭН Муэ.

Iулъхьэ къыIахырт

Москва и гъунэгъуу щыIэ Красноармейскэ къалэм и мэр Булгаков Михаил лъэхъэушым исщ.

Ар яубыдащ Iулъхьэшхуэ кьыIихыу. Абы и закъуэтэкъым зи кьулыкьухэр хабзэнщагъэкIэ кьэзыгъэсэбэпхэр. Адрей унафэщIхэми хьрыкъэтыщIэхэм ахъшэ кьыIущIагъэкIырт инвестицэ проектхэр зэрыратыну тхьилъхэр зэрагъэхъэзырым папщIэ. Ахэри жэуапым ирашалIэ.

И къару псори

Миронов Сергей аргуэру хахьжащ Федерацэмкlэ Советым и спикеру.

Абы и телъхьэу Iэ яIэтащ ипщэ палатэм щыщ сенаторэ 156-м (зыр гуитIщхьитIу щытащ). Мироновым и кандидатурэр кьыхэзыпхъэр СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щыта Рыжков Николайщ.

И тIысыпIэр иубыдыжа нэужь, Миронов Сергей псори кьигъэгугъащ къэралымрэ цIыхухэмрэ я сабэп зыхэлъхэр пхыгъэкIыным дяпэкIи и къару псори ирихьэлIэну.

Аргуэру Ленин районым

Красноярск къалэм и Ленин районым кьыщагъэуэтыжащ ильэситху зи ныбжь Мальковэ Полинэ и хьэдэр. Сабийр зэрауклар белджылыт. Полинэ мазэ ипщI и пэкIэ кIуэдащ. Хабзэхъумэхэм къаруушхуэ ирахьэлIащ ар къэгъэутыжыным.

Мыр мы щIыпIэм щалэжьа япэ апхуэдэ щIэпхьаджагъэкъым. Илъэс зыбжанэ я пэкIэ а район дыдэм щыщIыуэдауэ щытащ сабиитху. Иужьрей абыхэм я хьдэхэр псыкъуийм илъу кьагъуэтыжащ.

Мы Iуэхур зэрыэзэгъэкIым прокуратурэр ткIийуэ кIэлъплъпынущ.

Я насыпти...

США-м щыIэ Орландэ аэропортым насыпыншагъэ кьыщыхъуэ пэтащ.

Мыбы зи япэ щэрхьэр земыкIуэ кхъухьлъатэ кьыщащтэкIыслащ. Кхъухьлатэзехуэхэм я фIыгъэкIэ зы цIыхуми лажьэ екIакъым.

Астана щыIэщ

УФ-м и Премьер-министр Фрадков Михаил Астана щыIэщ.

Дыгъуасэ ар епсэлъащ Къэзахъстаным и унафэщIхэм. Правительствэм и Унафэщым зэрыжиIамкIэ, къэралитIым зэдащI сатум зэпымыууэ зеубгъу. Абы и щыхьэтщ нэгъабэ ар доллар мелард пщыкIущым зэрынэсар. Лъэныкъуэхэр дяпэкIи щыхьэдолэжьэнуц Iэнатlэщ1эхэми: космосым, щIэныгъэм, атом энергетикэм.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 31, щэбэт

Мальтэ Республикэм и пъэпкъ гуфIэгъуэщ - щхьэхуитныгъэм и махуэщ (1979 гъэм инджвылы базэр къэралым щыхэхуащIыжащ).

Гъатхэпэм и 31-м - мэлыжьыхьым и 7-хэм Абу-Даби (Хьэрэп Эмират Зэгуэтхэр) щекIуэкIынущ 17-нэ дунейпсо тхьилъ жармыкIэ.

Илъэс 275-рэ и пэкIэ къалъхуащ австр композитор цIэрыIуэ Гайдн Йозеф Франц (1732 - 1809).

Илъэси 125-рэ и пэкIэ къалъхуащ совет тхакIуэ, сабий усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, Ленин сауГъэтым и лауреат (1962) Чуковский Корней (1882 - 1962).

Илъэс 40 и пэкIэ IащI совет дзэзешэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIуенейрэ и ЛIыхъужь (1945, 1958) Малиновский Родион (1898 - 1967). Хэку зауэшхуэм и зэманым армэ, фронт зыбжанэм я унафэщIу, 1957 - 1967 гъэхэм СССР-м зыхъумэжныгъэмкIэ и министру щытащ.

1945 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэщ академиемрэ профессор Пыл Iуэс.

Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 50-м, къухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 43-м.

Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 43- рэ.

Мэлыжьыхьым и 1, тхьэмахуэ

Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ. 1906 гъэм Iэ традзащ къуалэбзухэр хъумэным теухуа дунейпсо конвенцIэм.

Геологым и махуэщ. Мэлыжьыхьым и япэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапIэ.

УРыс тхакIуэшхуэ Гоголь Николай (1809 - 1952) кьыщалъхуа махуэщ.

УРыс композитор, пианист, дирижер Рахманинов Сергей (1873 - 1943) кьыщалъхуа махуэщ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 49-м, къухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 35-м.

Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 46-рэ.

Мэлыжьыхьым и 2, блыщхьэ

Мы махуэм (1996) УФ-мрэ Белоруссиемрэ я президентхэу Ельцин Борисрэ Лукашенкэ Александррэ Iэ традзащ Урысейм рэ Белоруссиемрэ я зэгуэнэнгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэр.

1932 гъэм къалъхуащ журналист цIэрыIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ АфIэунэ Рае.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 47-м, къухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 37-м.

Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 49-рэ.

ИТАР-ТАСС-м ыкъыхэзыгар
ШАЛ Мухьэмэд.

Iэмэкъ Iущыгъэ

Зэщу мыпкъуэ гущыкъуэгъуэ хуэмыIуэнэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЩIыр я гугъапIэщ

Зеикъуэдэсхэм я нэхъыбэр зэрыпсэур щIым къытрах гъавэрщ. Iэщым кьарит хъерыщ. Абы къыхэкIыу, щIыр къуажэм щыпсэум гъэзэму зтегущIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. ИкIи а къалэным Зеикъуэ къуажэм и администрацэр пэлъэщ хуэдэщ.

АДМИНИСТРАЦЭМ и Iэтащхьэм и къуэдзэ ХьэщIыкIу Заур кьызэрыджиIамкIэ, мэкъумэщIапIэу мы жылагъуэм яIэщ ектар 11,316-рэ. Абы щыщу гектар 2.572-р вапIэщ, 4.581-р мэкъупIэщ, 4.072-р цIыхухэм щIэнпIэу къэгъэсэбэп хъупIэщ. Гектар 91-м жыг хадэ щагъэкI, ауэ ахэр жьы хъуащ, хьерУи къат щыIэжьхъым.

ВапIэу яIэ гектар 2.572-р, гектарищэ хуэдиз фIэкIа къэмыпэу, щIыхухэм бдзэжьэну ираташ, илъэсиблкIэ е нэхъыбэкIэ телэжьыхьыну зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIэри. Зы гектарым бэджэндыпщIэу хуоэз сом 223-рэ.

Бэджэнду къамыщта гектарищэ хуэдизыр кьыщIэнар а щIыр щIагъэхъым, тэмэму мэкъумэш щыпхуэзщIэркъыми аращ; гугъуехьрэ ахъпэу текIуэдэнур нэхъыбэщ, къуитныум нэхърэ.

Бэджэнду къащта щIым мэкъумэщыщIэхэм нэхъыбэу трасэр силос ящIыну нартыхущ. Абы нэмыщIкIэ къэмыдэкIа хьэ, сэхуран, гуэдз, нэгъуэщI къэкIыгъэхэри.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.
Бахъсэн район.

ГъащIэ ■ Махуэгъэпс ■ Фэеплъ

КЪЭБЭРДЕЙ

Ухуэныгъэ | Щэбэт кьыдокIыгъуэ | Малъхъэдис

ДызыхуэкIуэ мазэм

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 1-р

♦Къуалэбзуэхэм я дунейпсо махуэщ.
♦Геологым и мах уэщ.
♦Гушыlэмрэ ау анымрэ я мафущ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 2-м

♦ 1948 гъэм адыгэ тхакIуэщхуэ **КIэрашэ Темботт** СССР-м и Къэрал саугъэтыр кIыхьагъэфэщащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э лэжьакIуэ, журналист щIрыIуэ **Адыгъэ Раисэ**.
♦ Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ.
♦ Лъэпкъыр зыуэ щытыным и махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 3-м

♦1904 гъэм кIыхьэрагъэпэщащ Кавказ бригадэм хагъэхьа Къэбэрдей сотнэр.
♦ И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, уэрэ драматург щIэныгъэ **Шатров (Маршак) Михаил**.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 4-м

♦1933 гъэм кIыхьэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро.
♦ 1945 гъэм Совет Дзэ Плъыжьым Венгриер хуит кIыщIыжащ.
♦ Илъэс 75-рэ ирокIу Ленин саугъэтым и лауреат, УФ-м и цIыхубз артист, кинорежиссер щIэныгъэ **Таркановский Андрей** кIыхьэральхъурэ. 1986 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Сенегалым и лъэпкъ махуэшхуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 5-м

♦ Илъэс 765-рэ (1242) ирокIу **Невский Александр** Чудскэ гуэлым и дежи нэмыцIдзэр зэрыщIысэтрикIуэтэрэ.
♦ 1905 гъэм Алъхъуей (Курп Ищхьэрэ) кIуэжьэм и мэкъумэщышIэжьэм зыкъыIэтащ.
♦ 1943 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кIыщтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфIэзыгъэувэжьым теухуауэ.
♦ 1943 гъэм Налшык щыIэфIагъэувэжа дагъэ заводым лажьэу щIидзэжащ.
♦ Илъэс 150-рэ ирокIу балъкъэр у эщIакIуэ, публицист, тхыдэтх **Абаев Мысост** кIыхьэральхъурэ. 1928 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 6-м

♦ 1896 гъэм Афинхэм я п1э Олимп Джэгуэр щекIуэжащ.
♦ 1930 гъэм Ленным и орденымрэ Вагъуэ Плъыжь орденхэмрэ я гъэуаващ.
♦ Илъэс 195-рэ ирокIу зыуе революционер, тхакIуэ, философ щIрыIуэ Герцен Александр кIыхьэральхъурэ. 1870 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокIу УФ-м и Къалмыкъ Республикэм и цIыхубз артист, дирижер щIрыIуэ **Темыркъан Борис**.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 7-м

♦ 1948 гъэм Узыншагъэр хьумэным и дунейпсо организацэм (ВОЗ-м) и уставыр къащтащ.
♦ Узыншагъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ.



♦1940 гъэм къалэхуащ тхакIуэ, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэмк КъБР-ми щIыхь зиI э журналист **Мэзыхь Борис**.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 8-м

♦ 1918 гъэм Майкъуапэ кIыщIэзыщIащ **Сихьу Сэфарбий** зехьилъхьа я п1э адыгэбзэ алфавитэр.
♦ Илъэс 105-рэ ирокIу СССР-м и цIыхубз артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым щIрыIуэ и лауреат, уэрэджьакIуэ **Максаковэ Марие** кIыхьэральхъурэ. 1974 гъэм дунейм ехыжащ.
♦УФ-м и ПВО-м и махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 9-м

♦ Илъэс 340-рэ и пэкIэ (1667) Париж кIыщыдзэIуэхащ гъэуэджэм и дунейпсо выставкэ.
♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокIу литературовед, критик, къэрал лэ жьакIуэ **Тхьэгъэзэит Юрэ**.

● Махуэгъэпс

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 10-м

♦1945 гъэм ди хэкуэгъу **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и Плъыжьрэ щIэ лъапIэр кIыфIащащ.
♦1964 гъэм ягъэуващ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз усакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиI э и уэхуакIуэ» щIэ лъапIэхэр.
♦Илъэсэ 110-рэ ирокIу Адыгейм и п1э бзэщIэныгъэ еджагъэшхуэ **Iуашхэмахуэ Даут** кIыхьэральхъурэ. 1946 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 11-м

♦Илъэси 115-рэ ирокIу адыгей тхылъэм и кIыхьэгъэпэщакIуэ **Бейкъуфыу Ахьмэд** кIыхьэральхъурэ. 1965 гъэм Тыркум щыIащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу СССР-м и кIыхьальатэ зэкIуэ-космонавт, Совет Союзым и Плъыжьрэ, ЩIДАА-м щIыхь зиI э и академик **Березовой Анатолий.**
♦Гъэрпыпэм исахэр хуит кIэщIыжьым щIэфэныным и дунейпсо махуэщ.
♦Паркинсон узым ебэныным и дунейпсо махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 12-м

♦1961 гъэм **Гагарин Юрий** дунейм щыяIэ дыдзэ «Восток» кIыхьыжьмкIэ хэрэпшым льэтащ.
♦Космонавтикэм и махуэщ.
♦ И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу тхакIуэ **Кьущхьэунэ Алексей**.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 13-м

♦1895 гъэм кIыхьэIуахащ Урыс Къэрал музейр.
♦Чадым и лъэпкъ махуэшхуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 15-м

♦1395 гъэм дзэзешэ **Тамерлан** (Тимур) и дзэмрэ Дышэ Iордэм и дзэпщ То хьутэмыщ и дзэмрэ Тэрч и дежи зауэшхуэ щIагъэкIуэжащ.
♦Илъэс 95-рэ и пэкIэ (1912) «Титаник» кIыхьышхуэр Атлантикэ хэм щыщIилъэфащ. Абы иса цIыхубз гъэуэм ящыщу минитфым щIигъэ хэкIуэдащ, кьелар 705-рэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 16-м

♦1905 гъэм Урысейм и яп1э профсоюзыр - печатым и лэжьакIуэхэм ейр - кIыхьэрагъэпэщащ.
♦1920 гъэм кIыхьэрагъэпэщащ милицэм и Напшык управленэр.
♦1934 гъэм ягъэуващ Совет Союзым и Плъыжьрэ щIэ лъапIэр. Ар щIыхь 12772-м фIащащ.
♦Даниемрэ и лъэпкъ махуэшхуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 17-м



♦Илъэс 80 ирокIу УФ-м щIыхь зиI э и артисткэ, зэрэщIэжьакIуэ щIэрыIуэу щыта **КIуащ Верэ** кIыхьэральхъурэ. 2001 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Сирием и лъэпкъ махуэшхуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 18-м

♦1970 гъэм ягъэуващ **Балэ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ** я «Мадинэ» яп1э адыгэ оперэр.
♦Фэрелпымрэ тхыдэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ.
♦Зимбабвем и лъэпкъ махуэшхуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 19-м

♦1783 гъэм Урысейм Кырымыр кIыгъэгъэхьащ.
♦1935 гъэм кIыхьэрагъэпэщащ «Спартак» спорт жылагъэ зэгурыIонымрэ.



♦Илъэс 70 ирокIу КъБР-м и Къуаджэмкэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург, журналист **Журт Биберд** кIыхьэральхъурэ. 2003 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 20-м

♦Илъэс 70 (1937) ирокIу Прохладнэ станцыр кьалэ зэращIэ.
♦ И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу УФ-ми КъБР-ми Къуаджэмкэ щIыхь зиI э лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, режиссер щIрыIуэ **Теубэж Султан**.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 21-м

♦Ди эрэм и пэкIэ 753 гъэм Ромул пащтыкIым Италиемрэ и кьалащхьэ Рим кIыхьэригъэпэщащ.
♦1920 гъэм кIыхьэрагъэпэщащ цIыхубз юзэйастэм и областнойСоветыр.
♦1921 гъэм Налшык щIыналъэр джыным хуэлажьэ музей кIыщIэзыIуахащ.
♦1954 гъэм Совет Союзыр ЮНЕСКО-м ихьхащ.
♦Илъэс 85-рэ ирокIу СССР-м и цIыхубз артист, Ленин саугъэтым, СССР-м и Къэрал саугъэтым (тIэнейр) я лауреат, кинорежиссер щIрыIуэ **Ростоцкий Станислав** кIыхьэральхъурэ. 2001 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 22-м

♦1870 гъэм кьалъхуащ Ленин (Ульянов) Владимир. 1924 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1886 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиI э и егъэджакIуэ, тхакIуэ, еджагъэшхуэ, зауэм и пэкIэ Адыгэ грамматикэр кIыдзэщIэзыгъэкIа **Елбэдэ Хьэсэн**. 1967 гъэм дунейм ехыжащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, политик **МэкIэтIей Абдулахь.**
♦ЩIым и дунейпсо экологическэ махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 23-м



♦Илъэс 95-рэ ирокIу КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ **Тешэ Хьэчим** кIыхьэральхъурэ. 1983 гъэм дунейм ехыжащ.
♦ И ныбжьыр авторым и хуитыныгъэмрэ хъуэхъунымрэ дунейпсо махуэщ.
♦Великобританиемрэ лъэпкъ махуэшхуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 24-м

♦ЩIалэгъуалэм и зэкъуэтныгъэм и дунейпсо махуэщ.
♦Къуэш зэрэщIэ кьалэхэм я дунейпсо махуэщ.
♦Астрономием и дунейпсо махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 25-м

♦1920 гъэм Налшык яп1э медицинэ IуэхущIапIэ кIыщIэзыIуахащ.
♦1945 гъэм Эльбэ псым и дежи советыдзэхэмрэ американыдзэхэмрэ щIызэIущащ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 26-м

♦1986 гъэм Чернобыль атом электростанцыр кIэуащ. Радиацэм ихьахэм я фэеплъ махуэщ.
♦Танзанием и лъэпкъ махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 27-м

♦1947 гъэм Байкал-Амур гъущI гъэзэгр ухуэн щIадзащ.
♦Югославием и лъэпкъ махуэщ.
♦Апщэ Африкэ Республикэм и лъэпкъ махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 28-м

♦Илъэси 105-рэ ирокIу щэрджэс тхакIуэ **Дышэкl Мухьэмэд** кIыхьэральхъурэ. 1938 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Химие щIэныгъэншагъэм и махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 29-м

♦1770 гъэм Австралиер кIыщIэIуахащ.
♦1942 гъэм **Кьардэн Кьубатий** Ленин орденыр етIуанэу кьратащ.
♦1964 гъэм «Лалуд» яп1э адыгэ балетыр ягъэуващ.
♦Кьафэм и дунейпсо махуэщ.

МЭЛЬЖЬЫХЫМ И 30-м

♦1789 гъэм США-м и яп1э президенту хахащ **Вашингтон Джордж**.
♦1945 гъэм сержантхэу **Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ** Iекъуэдакъэ и Бэрлин щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург, журналист **Журт Биберд** кIыхьэральхъурэ. 2003 гъэм дунейм ехыжащ.

Мы гъэм:

♦Илъэс 335-рэ (1672) ирокIу Кырымыкъэм и дзэр Къэбэрдейм кIыхьэрыгъэуэрэ.
♦Илъэс 295-рэ (1712) ирокIу Къэбэрдей лIыкIуэхэр ушэтащ. Абы **Петр Езанэм** и дежи зэрэкIуэрэ.
♦Илъэси 170-рэ (1837) ирокIу **Къуэдзокъуэ Лакъуэмэн** и «Шэрджэс щIалэм и усэхэр» тхылъыр **Москва** кIыхьэрыщIыдзэIрэ.

Зыгъэхьазырар
УЭРЫШ Нурхьэтлиц.

Мы гъэм зэфIэкIыщуц

Iэщыщрыбанэ спорт дIэужьыгъуэхэмкIэ «Гладиатор» клубым зэхьэзэхуэхэр иригъэкIуэкIыху гугъу ирегъажьэ езым и уIэ зэрямыIэжьым. Ар къыгъэтIылъ, Налшык Лениным и щIэкIэ щIыз уэрамым щахуэун щIадзащ спорткомплекс хъарзынэ.

АР ХУЭщIАУЭ щытынущ зэхьэзэхуэм ептыжьым щыхъу 1800-рэ зэрыщIэхуэнэм. ГуфIэгъуэ зэхьихьэ инхэр щрагъэкIуэкIым дежи, а бжьыгъэ тIыкIыпIэ 3000-м нэс хэзыгъэхъуэну Iэмалхэмкlэ унэр кIыхьэгъэпэщауэ щытынущ. Абы и проект хьэлэмэтыр игъэхьэзыращ Налшык и Архитектурхэм я союзым и унафэщI Смертюк Богдан.

Мэзр езыгъэхуэуэр Москва щыIэ «Билд-Стар» инвестор-фирмэращ. А лэжьыгъэр егъэзащIэ «Росстрой» хуэфакIуэ-проектнэ фирмэм. Ухуэныгъэм пыщIа Iуэху псомкIи жэуап зыхьыр Марлюху Аркъым.

Комплексыр кIыхьэгъэпэщауэ щытынущ спортсменхэр щыпсэуну хьэщIэщкIэ. Абы и залым зэуэ щIыхуэр щыазэфIыпынущ. И пщIантIэми дащIыхьынущ дзюдомкIэ зыщагъэсэну губгъуэ.

Мы гъэм зэхьэзэжу щрагъэкIуэкIыфын хуэдэу, лэжьыгъэ псори яухыну я гугъэщ. Зыхуэйину псори и чэзум зэрэлрыхьэр щыгъэпытэмэ, ухуакIуэхэр зыхуагъэувыжа къалэным зэрыпэхъущынум щэч кIытепхьэркъым.

Сурэтри тхыгъэри зейр
КЪАРАЗЭлинэщ.

Зи бын хьIбэзыдзэу ежьэжым кIыпэлъэ хьэзабэр ищIжамэ, къэувыIэяти зыщIэгупсысыжынт. Ауэ абы кIыркIуэнур зэкIэ кIыгупыIэркъымэ, къэхъуагъэшхэу щымыIэу къелытэ, уебламэ, еъзгэчхуэ езы цIыкIубым хуэдэри мымащIэу дунейм зэрытетым. Мы тхыгъэр зытеухуари абыхэм ящынц зыщ.

ЕПщIанэ классыр кIыщIуха еджапIэм Муслымэт секретарь ягъэувари, егъэджакIуэу абы цIылажьэ щIалэм куэд дэмыкIыу ешэ. Гуащэ хуэхъуари, унагъуэри хьарзынэт, щхьэгъуэгъэрати, «хъэщыкъ кIыхьэхъуащ» жIыхуаIэм хуэдэу кIиплъагъурт. ЖIыпIэнурамэ, насыпыфIэ хъуат.

Ауэ езым хуэфащэр нэхьыфIыжу щытын хуейуэ кIыщIыхъужри, и щхьэр дыдэгъу иIэтащ. Апхуэдэу гуитI - щхьитIу илъэсиплкIэ ар унагъуэм яхэсауэ, и щхьэгъуэм бгъдэкIыжыну хеящIэм дежи лъэIу тхылъ щIелъхьэ. «Дэбгъуэ сит?» - жиIэу хеящIэр кьыщеупщIам, махъыIэ иIэу зы щхьэусыгъуэм кIыхуэгъуэтакъым.

Кьытрагъэзэжуэр кIыхьэрыпкърыупщIыхьым кIыгъэгубжьри: «ЩхьэфыкIыщыщхьа - щхьэгъуэсы бынм сыхуейкъым. Сэ абы сыхуит хэмэрэ сымыIэт?» - къэлыбащ Мусльымэт.

И пащхьэм кIыт бзылъхугъэм кьеплъри: «Сыту Iейуэ угуIэну уэ цIыхубзыр, сыту Iейуэ ущIегъэужьину, ауэ а псори кIасэ хъуауэщ кIыщыбгурыIуэжьынур», - кIыжриIащ хеящIэм. Илъэсищым ит хъыджэбз цIыкIур зи хьэпшыпэ зыщIэзыкъуэж и анэм и кIэм кьекъуурэ «Мамэ, дэнэ уздэкIуэр?» жиIэрт. Абы кIыгурыIуат нанэр гъэгъну зэлъэIу и анэм ар къыхэригъанэр. «Уэри сумыгъэбампIэу IукI мыбдеж», - жиIэри хьыджэбз цIыкIур кIыыIуидзащ. ЗызылIэжьпэр гъуэлъыпIэм ирагъэтIысыхьауэ ис щIалэ цIыкIуат. Абы и гъы макъыр хуэмыцIэчыжыхэ щыхъуи, Муслымэт бгъдэтыдэрри сабийм и напэр кьрихуэлэкIащ.

Хьэлэмэтракъэ, зэуэ сабийм и гъы макъыр зэпигъэнри, и нэ фIыцIэ пIащэхэмкIэ и анэм кьепIащ. Асыхьэтым ар зэщхьыр кьэпхъуэн кьудейуэ хьэрыр щыгъуэ кьудейуэ зыгъэгубгъэ щыр губжьат.

ХЭ ищIэнт «дыгъужь щырым» зэгуэр дыгъужь гущIэгъэнущ кIыщIыкIыну?!

Тутнакъэщым исхэм хабзэу яIэщ сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр я бгъэм, я Iэблэм, я щIыбым хэмыкIыжыну храгъэщIыхьуэ. Куэдым нэхъ кьащтэ бгъэм и тепIэр. Ар зэрыбзаджэм, зэрымышIэжьмэ, кьоуамэ, и щхьэхыр зэрыщIынагъуэм кьыхэкIыу.

Кьыдалъхуахэмрэ и щIэблэмрэ я мызакъуэу, сэбэн зыхуэхьуэ, сыт хуэдэ зыдиIэтэ и кьужьэгъуэхэм яхурыгъэщIа мэжджыгъэр, куэдэ ягъэкIыжынущ абы и чэнджэщ, ущие щхьэпэхэр.

Нобэ зи фIэеплъ махуэ ди адэзыхуэм уи ахърэтыр нэхъ, жэнэтыр уи унапIэ, уздэкIуэ адрей дунейр, уи псэм и тыншыпIэ хьыну Тхьэм дольэIу. Дэ уэ зэи утщыгъупщэнукъым.

Уи пхурыпытхуэху
ЛIыгуащ Резуан, Гуеев Евгений.

● ГъащIэ

Дыгъужь закъуэ

Ди псалъэмакъым кьедалъуэ щыс Мадинэ «Кьеръолъагъут, Русик» - жиIэри и дэлъхур хигъэзыхьащ. ФIэмыфIыщIэуэр щIалэм и джанэр итIатэри, дэкъугъей дыгъужь иным и сурэтыр къыщIигъэщащ. «Ар щхьэ дыгъужь?» - соупщI абы, кIыкIыр кьызгурыIуэ пэтми. «Зонэм псори кьызэрыщIэздзэр «Дыгъужь закъуэр», - кьызетьж жуан.

Ныбжькlэ щIалэмэ, и нэгум кърих бзаджагъэмрэ пхъащащагъэмрэ зэхьыхьжащи, нэхъ жьыфэ кьытрагъауэ, Набдзэ фIыщIэ Iувхэм кьыщIэпIь нитIыр кьыщыптриубыдэкIэ, техьэгъуэ кьыптехьэм хуэдэу зыззэхубощ.

- Ди анэм дыхьыфIидзэу екъэжа нужьыкIэ, абы хэсха уэыфор зыхуэгъэхьужа щымыIэу нобэми кьызофыкI. ЖэщкIэгъэ сыкъэушыжыри, си анэм седжэу пIэм сыкьитIысхьэжырт. Зи бгъафэ дыщIэлъа анэшхуэр ди дежэм ихьащ. Ди адэр, ди адэм и щхьэр фIыщIэ хъурыфыр зэман кIэщIым кьанэ щымыIэу икIат. Сыту гъущIэгъуэну зэхэль мы гъащIэр. Зы щхьу закъуэм насыпыфIи, зи зыкъыхуэмыужьыжьыну щхьэзыгъэкIуэщIыф. - Ар здыжьи зи нгу кьызэрэIнэр ерагъкIэ ирекъуэхыж Мадинэ.

- Нанэ сыт хуэдизрэ емылъэIуами, си адэм кьыщэжи идэрэгъкъым. Сэри «анэзэпIэ» псалъэ кьудейм сыщыщыIэрти, хамэ щIыхуэ кьызэрыкъуэкIыжьэм сыщыгуфIыкIырт. Илъэс куэд дэкIа иужькIэщ кьыщыгурыуэжар си адэм си анэр егъэлеяуэ фIыуэ ипхъагъуэ зэрыщыгар. Ауэ, итани, ар абы зи сельэIужьажьэм. ЕмылъэIуами, «сыщIегъужащэ» жиIэрэ кьыгъэзэжамэ, псори хунгъэгъунут. АрщхьэкIэ апхуэдэ мурад си анэм зи иIакъым. Псоми яжриIэр зыт: «Си лIыр фIыуэ схуэлъэгъуакъым». Лъагъэныгъэ лъыхъуэу екъэжа си анэм и псалъэмакъым и бынитIыр зыщIыпIи дыкъыщыхитIэщакъым. Дыкъимылъхуам, дунейм дытемышIы хуэдэт. Мис арап абы зи хуэдмыгъэгъуфынур, - кьеIуэтэж Мадинэ и Iуэху кьызэрекIуэкIар.

Анэхэм я гъэсэныгъэ щколым кIэ сабийм екъуапсэрт хьыджэбз цIыкIур, езым ейр зэрыщIымыгъуэм игъэтумэщIырт, ауэ Мадинэ кьарзынэу едэжрт.

ЩIалэ цIыкIуат зыми емыщхьыр. Зыгуэрым дихьэхыу, зыгуэр фIегъэщIэгъуэну пльагъэнутэкъым. Ныбжьэгъуи хуейтэкъым, зыхуейр дэнэ кIэ мыкIуэни, и закъуэну, арат. Зыгуэр партэгъу кьыхуащIмэ абы езаузэри, бгъдэдэкIыжи хуей хьурт. ЕгъэджакIуэхэми кьыпакIухьт, щIалэ цIыкIур яфIэгунэхьыти.

Анэщхэрат абы фIыуэ илъагъур. «А тхьэмыщкIэм дэр папщIэ и фэм дэкIам ущIэмыпщIэ. Дэр мыхьуамэ, ар идкьи ри псэут. Ди Iуэхур хуэзмыгъэхуэгъэ бамПэм ихьащ. Си адэм зэи сытеплъэ хъуакъым. Зы унэ дыщIэсщи, сыт сщIэн, сшэчын хуэй мэхъу. Аркъудейщ. Сльагъу щIэмыхъуми щхьэусигъуэ иIэщ: пхуэмыIыгъыну щхьэгъуэ кьыумышIу, умыпIыжьнумэ, бын дунейм кьытумыгъэхъэ. Мы дунейм зы сабий теткIым езыр льаIуэу кьытехьауэ. УемыупщIу, хуейрэ хуэмейрэ умыщIэу дунейм кьыщытебгъэхьаIэ, и кьалэн зэрыштелъыр щхьэ зыщыбгъэгъупщэн хуей? Зыр адрейм игъэкIыгъанщэу кьоуври, зэбгъэдэмыкIыжынкIэ Iэмал имыIэу Iуэхур абы хуагъакIуэ. Ауэ, гъэщIэгъэнракъэ, аэр егупсысыркыым сабийм и гъыр щIэр зэрыштелъыр щхьэ зыщыгъэхуэгъэ бамПэм ихьащ. Си адэм зи сытеплъэ хъуакъым. Зы унэ дыщIэсщи, сыт сщIэн, сшэчын хуей мэхъу. Аркъудейщ. Сльагъу щIэмыхъуми щхьэусигъуэ иIэщ: пхуэмыIыгъыну щхьэгъуэ кьыумышIу, умыпIыжьнумэ, бын дунейм кьытумыгъэхъэ. Мы дунейм зы сабий теткIым езыр льаIуэу псэуащ. Ауэ абы хэм, кьыкIэлъыкIуэн мыхъумэ, щхьэгъуэсу кьыхуей кьаxэIакъым. Щыхубзым абы гу лъитмытэурэ, щIалэгъуэр Iэщ1экIри, жьыгъэм гъунэгъу зыкьыхуищIащ. КьызэплъэкIыжрэ, кьикIуа гъуэгуанэм ириплъэкIэ, щIалъагъуэр гуп зэхэс, ефэешхэ, нэгуэгъуэщ, щIыхуэхъу куэд. Аджей-щэ?

- Си бынитIыр здэщыIэ сабий садым сыкIуэртти сагъэлъагъуртэкъым. И аджьым имыдэу дзу арагъэнт. Тыкуэн, пэшитI хьууэ фэтэр хьарзынэ сиIэщ, ахьшэ гъэтIылъар хэтыжу, ерзуэт уеблэ, - си щIалэм и цIыкIуэ, кхъыIэ, къэкIуэж си деж», - жьыслэри селъэIуати - «зыми сыхуейкъым, сызыхуэмеихэр уэращ» кьыжиIащ. Уэ, сыщырыпэджину щIэр иджыри кьэс кьыхсхуэгупсысакъым - жи. Уаныкъым, уанэзнэIэскъым. АтIэ, хуэт уэ? кьыжиIэри телефон трубкэр тридзэжащ. «Кьызэтыж си кьуэр - жеслат и адэжьми: «Кьуэ щIат ар зэростьыжынуэр, лIыгъэ уиIэм, кьытегъэхьэф», - кьызжиIащ, - и гур хэщIу мэпыхъэ Мусльымэт.

- ЩIалэгъуэ, делэгъуэ зимыIэ щыIэ, щыуагъэ зыIэщIэмыкIыр хэт? Си пхьур кьыхуейкъым, зыхьыхьа унагъуэм си анэр лIащ жьриIэри тынщу тIысажащ. Русик зэи кьымышэну жеIэ, едэжн-лэжьэн Iуэхуи хэткъым. «Си дежь кьIуэжи, хьэгъуэлIыгъуэщхуэ пхуэщIу кьозгъэшэнщ», - «хьат телефонкIи - «уи макъыр зэхьэзымыгъэхэ» - кьызжиIауэ абы льыдлэрэ кьызэпсэлъэн идэжьыркъым. Сыт сщIэнур, адэкIэ сызэрыпсэунур дауэ, сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ си кьуэм кьыхуэзгъэгъэтынур? А си упщIэхэр жэуапынщэщ, мэгуГэж щIыхьэщIэр.

Зыгъэхьазырар
ИСПЕНАН Зарифэ.

● ФIэеплъ

Сыт щыгъуи ди гум уилъынущ

Зэрэгъэжьхъуажэм щыщ Шащэ Мухьэмэд Iцыкlуэ и кьуэм нобэ и фэеплъ махуэщ. ЛiэщыгъуитI зэпызыщIа дадэм Текlуэныгъэм и махуэшхуэ накьыгъэм и 9-м и ныбжьыр илъэси 105-рэ зэрырикьур Iэтауэ хуэдгъэпъэплэну мурад тщIат. Арщхьэкlэ, гупэ зэрэщIэмрэ щыщэтемыкIуэ куэдрэщ. Фlыуэ тлъагъу, зи хьыбарэхэмрэ гукъэкIыжхэмрэ дыкьыщIэтэдж, фlым, цIыкIугъэм, адыгэгъэм дыкьуэзыщIуэри ди дасэхуэр мы гъэм и мазаем дунейм ехьажащ.

ЛIэщIыгъуитI зэпызыщIа Шащэ Мухьэмэд и нэгу щIэIаIэ нобэрей ди мамыр гъащIэм дыхуэкIуэн папщIэ цIыкIубэм игъэва гугъуехьхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэр. Ауэ дзыхь, еш имыщIэу и Iуэху Iыхьэ ирихьэкIащ. Абы и щIалитIыпхэ и пхъуитхымрэ щэн дахэ яхилъхьащ, зыхуэдэм емыхъуапсэу иплащ, унагъуэ дахэу игъэтIысыжащ. Жьыщхэ махуэ дадэ Iумахуэм и гукъыдэжкIи кьаIэтыт и кьэуэпытху-пхъурыпытхуэхэм, абыхэм я щIэблэм.

Кьыдалъхуахэмрэ и щIэблэмрэ я мызакъуэу, сэбэн зыхуэхьуэ, сыт хуэдэ Iуэхуэри зыдиIэтэ и кьужьэгъуэхэм ящыгъупщэнукъым дадэ Мухьэмэд. Абы и фэеплъэ кьэнащ кьужьэдэсхэм яхуригъэщIа мэжджыгъэр, куэдэ ягъэкIыжынущ абы и чэнджэщ, ущие щхьэпэхэр.

Нобэ зи фlеплъ махуэ ди адэзыхуэм уи ахърэтыр нэхъ, жэнэтыр уи унапIэ, уздэкIуэ адрей дунейр, уи псэм и тыншыпIэ хьынэ Тхьэм дольэIу. Дэ уэ зэи утщыгъупщэнукъым.

Уи пхурыпытхуэху
Лiыгуащэ Резуан, Гуев Евгений.

Щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ

УсакIуэхэм я гупсысэ

Усыгъэм и дунейпсо махуэу ЮНЕСКО-м кьыхилъхьам нэхъ иткIэ, мы тхьэмахуэм Москва щокIуэкI усакIуэхэм я зэIущIэ зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэу УФ-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ и «Литературэгъэм «Сталъ къурей» щекIуэжащ, урыс усэ гъэпсыкIэм и Бущагъэлiэр хэту.

ЗэIущIэм ирагъэхьIат Бунин Иван и IэдакъэщIэкIэхэр щызэхэхьэса тхылъым и презентацIри. КьызэрыхъэщIамкlэ, мыр кьыдэкIуэу щытахэм иофIэкI, лэжьыгъэ нэхъыбэ кьызэщIеубыдэ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIэкIэр иригъэзыгъ тепсэлъыхьащ литературэм и гъэм нобэрей гъащIэмрэ кьэралымрэ щагъэзэгъ увыпIэм, Дементьев Андрей кьыхигъэщащ усакIуэхэмрэ щIэдыкIыджакIуэхэмрэ кIуэ пэтми нэхъ зэпэ жьыжьэ зэрыхъур. Апхуэдэуи мыгурыIуэгъэуэу кьэнащ УФ-м и Президентым «Урыс литературэм и гъэгъэкIуэкIэм хуейуэ кьыхилъхьам и Iуэхуэр кьызэзыгъэпэщыну гупым зы литератор щIыхьмытыр.

КъраГъэблэгъауэ

Москва и консерваторие зыдыщIэм кIалэхэм я мафIэм дихьэхуэм пащIэ концерт дахэ щекIуэжащ. Театр ныбм и оркестрым и Iуэхуэр зыщIэлъэIуэ Германием и уэрэджьакIуэ щIрыIуэ Мербет Рекардо.

АР МОСКВА къраГъэблэгъат куэдым яхуэмыгъэзащIэ Штраус Рихард и Iэдакъэщ щэкIэхэр жраГъэзэн папщIэ. Ведерницкэм и дирижер щыта гупым тельыджэу зыкьыгурыIуэгъэгъуащ.

Зэхъэзэхуэм щагъэлъэгъуэнущ

Челябинск опер-эмрэ балетымкIэ и театрым, Глинкэ и цIыр зезыхьэм, 2006 гъэм и юбилейр иГъэзэщIащ. Абы къыдэкIуэу Петербург режиссер Степанюк Алексей театрым и гупым адигъэувауэ щыта «Пиковая дама» лэжьыгъэшхуэр.

ГъАТХЭПЭМ и 29-м ар Москва щагъэлъэгъуащ. «Золотая маска» зэхъэзэхуэм и «Оперэ спектакль нэхъыфIыхьэм хэту утыку кьрахьэнуи я мурадщ.

Ди фильмхэри хэту

Германием кьыщыгъуаращ къуэкIыпIэ-европей кинохэм я фестиваль.

АБы щIагъэлъэГъэ УЭНУХэМ хэтщ урысей фильмхэри: Воропаев Иван и «Эйфория»-мрэ Серебрянников Кирилл и «Изобракаэй жертву» комедиемрэ.

Зыгъэхьазырар
ИСПЕНАН Зарифэ.

ГушыIэр Тхьэм и щIасэщ

Пщэдей Гушыым и махуэщ. Абы ирихьлIэу дэ тыдодзэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд илъэс 15-кIэ зэлэжьа «Смех сквозь столетия» жыхуиIэ тхылъым ихуа гушыIэжэм щыщ зыбжанэ.

Тхылъым итщ цIыху цIэрыIуэжэм - тхакIуэжэм, щIэнагъэдзакъэм, щэнхабзэ, гъуэгуанэ, дзэ, кIэрат, политикэ лжьакIуэхэм, шахматистхэм - я гъащIэм ешуха тхыдэ гушыIэкIэр. Ар ныхыблу зэхэтщ, гушыIэу 3000, сурэту 100-м щIигъу итщ.

Тхылъым ихуа сурэ тхэр ищIащ Прокладнэ куейм хиубыдэ Приближнэ станицэм къыщыхъуа Сиротинцев Виктор. Ар тхылъеджэхэм фIыуэ яцIыху ди тхакIуэ куэдым я IэдакъэщIэкIхэр Iэзагъыщхуэ хэтъу игъэщIэрэщIауэ зэрыщытымкIэ.

ГушыIэжэр ХьэфIыщI Мухьэмэд цIыхуншхуэхэм я гъащIэр къыщыгъэтъэгъуэжа тхыгъэхэм къыхидджыкIащ, абыхэм теухуауэ ятхахэм кьыхихыурэ езым тхылъ щыхьэуу зэхигъэуащ.

Тхылъыр урысыбзэкIэ тхащ, ар мы илъэсым и кIэм къыдэкIынущ.



ГъуэгушцIэ итакъым

Француа Рабле Париж икIэщыпIэкIэ нэсын хэй хьуащ зэг уэрым. ГъуэгушцIэ иIэтэкъым тхакIуэм, и жыпыр нэщIт. Сыт ищIэнт? ИщIараш: чысэм фошыгъу ирикIутэри, бжэщхьэIум трилъхьащ. Чысэм тритхащ: «Пащтыхьым папщIэ щхъухь». Зы сыхьэт дэкIатэкъым Рабли щаубыдам: шыгум ирадзэри, Париж нагъэсащ. «Пащтыхьым щхъуэ ирихьи мурад иIащ мыбы!» - жари хеящIэм джеш ящащ Рабле. «Чысэм иракIута щхъухьэр езым ирырешх», - унафэ ищIащ хеящIэм. Чысэм ирикIтар ищIэжыртри, ишха щхьэкIэ, зыри кьыщыщIакъым. Абы и сэбэпкIэ Париж нэсащ Рабле, гъуэгушцIи итакъым.

Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзи

Нобель саугъэтыр кьратагъащIэу, Хемингуэй Эрнест унагъуэ гуэрым ирагъэблагъащ: «ДгъэфIанщ», - жари. ЦIыхубз псэльэрей гуэр кьыбгъэдэхутащ гъуэгушцIэм.

- ЦIыхубзым и жьафэр кьехакъым, Iэнэм пэрысыху.

- Дуней псом цIэрыIуэ ущыхъуащ, саугъэт лъапIэр кьуатри. Сэри схуэтхьинут роман, кьыдэрыщIэдзэнур сщIэркъым армыхъу, - жиIащ цIыхубзым.

- Сэ бжесIэнщ кьыздэрыщIэбдзэнур: сатыр кьэс сэмэгумкIэ кьыщIэдзи, ижьымкIэ етхэкI, - чэнджэщ ириташ Хемингуэй цIыхубз псэльэрейм.



Утхэн пхущIыхьэнукъым

Тхэн щIэздзагъащIэ гуэрым зыкъом зэхитхыхьри, Томас Манн дежи кIуащ: «зыщызгъэтхъунщ», - жери. Итхам кьеджэн щIидзэри, щIалэр щIэх увыIакъым. Ар кьызэджэр зэрымыхьэнщэр щитыгъуэм, тхакIуэ цIэрыIуэм щIалэр нэхъри тригъэгушхуащ:

- Умыувыlэ, къеджэ э. Укъызэджар мащIэщ, нэхъыбэ укъеджэн хуейщ.

- Сыкьыздзэжар ирикъунукъэ?

- ИрикъунукъыМ. Фи унэ уIэгуэжми, кьеджэ.

- Абы сыт кьысхуищIэнур? - игъэщIэгъуащ щIалэм.

- КьыпхуищIэнуращ: зэпымыууэ тхылъ уеджи эмэ, утхэн пхущIыхьэнукъым - ар уэркIэ нэхъ сэбэпщ, - жиIащ Томас Манн.

Iэплlэ кьысхуэщI

Франджы тхакIу э Тристан Бернар шхапIэ гуэрым щIыхьащ: «Сыкьыщышхэнщ», - жери. Кьрагъэшхар игу ирихьатэкъым, тхакIуэр кьытехьащ. Iэнэзехьэм еджащ:

- ШхапIэр зейр кьысхуэшI Кьыхуашащ.

- Сыт ар, зиусхьэн?

- Iэплlэ кьысхуэщI, - жиIащ тхакIуэм.

- ИтIэ. Араш укъыщIезгъэшар: Iэплlэ кьысхуэщI.

- Сыт щхьэкIэ? - игъэщIэгъуащ шхапIэр зейм.

- Нобэ щыщIэдзауэ дыззэрыльагъэжьыкъым, араш Iэплlэ кьыщIыхуэпщIынур. Си напэр фIыщIэщ, сэ мы шхапIэм афIэкI сыкъыщIыхьэмэ!

Езыхэращ кьыздехьар

- Гъэмахуэм дэнэ зыщыбгъэпсэху а? - жари еупщIащ Анатоль Франс.

- Альыджым, - жиIащ тхакIуэм.

- Альыджыбзэ пщIэрэт уэ?

- Дэнэ щысщIэн?

- ИтIэ, гугъу уадехьа хъунщ, я бзэр щумыщIэкIэ?

- Садехьакъым. Езыхэращ кьыздехьар, - жиIащ тхакIуэм. - Си бзэр ящIэртэкъыми...

Лъэныкъуэ зевгъэз

И нэIуасэ гуэрхэм яхуэзгуэпырти, Артур Конан-Дойль телеграммэ яхуигъэхьащ: «Псори кьыщIэщащ, фыкъаумысащ, лъэныкъуэ зевгъэз». ЩIахуэзгуэпыр пцIы кьыкIэлъыдзэрахьэрт, я пэр игагъэзэйрти, ираш.

Телеграммэр зэраIэрыхьэ нэхъ пIалъэ кьыхахгъэкIакъым тхакIуэм и нэIуасэ бзэгуцэхэм: кIэбгъу зашIри, хэкум икIащ - якъуэлыпр езыхэм ящIэж хъунт.

Сыту пIэрэ?

Бернард Шоу зыхэс гупым псалъэмакъ кьыщыхъеящ цIыхур тхьэм кьызэрригъэпцIам теухуауэ. Зы цIыхубз драматургым кьеупщIащ:

- ЦIыхухьэр япэ щхьэ кьигъэщIауэ пIэрэ? - жери.

- ЦIыхухьэр япэ кьыщIигъэщIар цIыхубзыр тхьэм чэнджэщэгъу имыщIын щхьэкIэу кьыщIэкIынщ, - жиIащ Бернард Шоу.

Дыззэныбжьэгъумэ, нэхъыфIщ

ТхакIуэ щIалэ г уэрым и тхылъыр Марк Твен хуихащ:

- Си хьэтыр кьэлъагъуи, мыбы схуездж, кьыззэрыщIыхьуари кьызжеIэ. Сыт кьыхжеIэми, си жагъуэ хъунукъым, фIыщIэ пхуэсщIын фIэкI.

- Хьэуэ, зыри бжесIэнукъым. ДяпэкIи дызэныбжьэгъумэ, нэхъыфIщ, - жриIащ Марк Твен тхакIуэ щIалэм, абы итхар зэрымыщIагъуэр ищIэрти.

Адакъэм пэжыр ещIэ

Еджагъэшхуэ Ковалевский Владимир студентхэм лекцIэ кьахуеджэрт. Студент гуэр, хьэкьувжьэныр фIэфIти, адакъэр зэрыIуэм хуэдэу зищIащ. Ковалевсхэр кьыпIыгуфIыкIщ, и сыхьэтым епIыри, гушыIащ:

- ПцIы еупс си сыхьэтым, мыбы зэрыжиIэмкIэ, зэманыр здынэсар пщыхьэщхьэращ. Пэжыр зыщIэр адакъэрщ - жэщыбг хуэщI!

Иджы жысIэр

Композитор щIалэ гуэрым здепсалъэм, гупсысэм хэхуауэ, Шарль Г уно жиIащ:

- Ди ныб жьыр нэхъ хэкIуэтэку, дяпэ итахэм пщIэ нэхъ яуэ зтщI дохьу. Уэ уи ныбжьым сыщитым, жысIэр зыт: «Сэ». Ильэс тIощIрэ тхум сыщыхьхьащ, жысIэ хъу ащ: «Сэрэ Моцартрэ?» Ильэс плIыщI сыщыхьуам - «Моцартрэ сэрэ?» Иджы жысIэращ: «Моцарт!»



Шыд хъунукъэ?

Берлин дэт театрхэм ящыщ зым «Ричард Ещанэ» драмэм кьытращыIкIа спектаклыр щагъэ лъагъэрт. Псоми ягу ирихьащ спектаклыр, псори хьарзынэу екIуэжащ, мы псальэм нэсыжу: «Шы, шы кьызэрт, кьэралым и зэхуэдитIыр щIэстыфынущ щыфIым!» Ар зи псальэр драмэм хэт лъыхьжь нэхъыщхьэрт. А псальэр щызэхихым, залым щIэсхэм ящыщ зы кьыхэкIиIащ: «Шыд хъунукъэ?» - жери. Артистым жэуап итыжащ: «Хъунущ. КъакIуэ мыдэ!»



ЛIы дэкIуэ

Рубинштейн Антон дежи хьыджэбз лъагъугъуафIэ гуэр кьжIуащ, роялым зэрыхуэIэрыхуэр композиторым иригъэлъагъуи щхьэкIэ. Пщащэр роялым бгъэдэтIыхсхьащ. Заул дэкIри, композиторым зыжьыхуригъэзэжIащ:

- Сыт хуэдэ чэнджэщ кьызэптым, маэстро?

- ЛIы дэкIуэ, - жиIащ Рубинштейн, пыдыхьэшхьыкIри.

Нэхъыкlэр

Композитор Римский-Корсаковым жраIащ:

- Уи е джакIуэхэм ящыщ зым итхыр уи музыкэм ещхьыркъабзэщ.

Композиторым жэуап кьариташ:

- Ар ягъэ кIынукъым. НэхъыкIэр абы итхыр зыми емыщхьмэщ.

Схущыгъэтыжьыркъым

Рихард Вагнер хуэзауэ, здэпсалъэм, композитор Даниэль Обер зиумысыжащ:

- Музыкэм сыхуэхейщ сэ, сыхэзэгъакъым. Ар кьызгурымыIуэурэ, ильэс щэщI дэсхащ, - жери.

- НтIэ, иджы зыри птхыжьркъэ? - кьеупщIащ Рихард Вагнер.

- Сотх, схущыгъэтэжьыркъым, ильэс щэщI дэкIа нэужь, композитор цIэрыIуэ сыхъуащ.

Сыхьэт

Бжьамиящщ цIэрыIуэ Луи Армстронг игу кьегъэкIыж:

- Си щIалэгъуэм, бжьамий сепщэн щIащIэздзагъащIэм, сыхьэт сиIакъым. Унэм сыкьекIу эпIэжауэ, жэщыр здынэсар кьэсщIэн щхьэкIэ, бжьамийр кьасщтэрти, згъаджэрт. Бжьамийм и макъым кьигъэуща си гъунэигу блыным кьеуэрт, шхыдзурэ: «Дапщэщ мыр щыщыбгъэтынур: жэщыр сыхьэтищ хьуа кьудейщ, уэ бжьамийр уогъаджэ!»

Си гъунэгъум фIыщIэ хуэсщIынтэкъэ, жэщыр здынэсри кьыщызжиIакIэ!

Емыкlу сыкъыщIмэ

Австр художник Кокошкэ Оскар Версаль сэрейм щыхьауэ, ешати, музейм щIэт шэнтжьейм итIыхсхащ. Музейм щIэтхэм ящыщ зы кьыбгъэдыхьащ сурэтыщIым:

- Мсье, уэ пащтыхь Людовик XIV и шэнтжьейм уитIыхсхащ, ар кьезэгъыркъым - мыр музейщ, - жери.

- Пащтыхьыр кьыщIыхьэрэ емыкIу сыкъыщIмэ, шэнтжьейм сыкъэкIыжынщ, - жиIащ художникым.

Людовик XIV зэрымыпсэужрэ куэд щIат абы щыгъэ.

Унэм сыт хуимурад?

Поль Сезанн кьалэ щыкIу гуэрым дыхьауэ унэ дахэ ирихьэлIащ. Унэр жыг хадзэм кьыхэплIырт, кьатитI хьурт. Иту щрихьым, унэм с урэт тришIыкIын мурад ищIащ художникым. Сурэтыр хьэзыр хьуауэ, унэр зейр бжэщхьэIум кьытеуващ:

- Си унэм тепщIыкIа сурэтым хуимурадыр сыт?

- Париж щызэгъэльэгъуэнущ, унэ дахэщ, - жиIащ Поль Сезанн.

- Тхьэм и нэфI кьыпщIыхуэ, ауэ си хьэтыр кьэлъагъуи, сурэтым и лъабжьэм мыр схущIэтхэ: «Мы унэм и етIуанэ кьатыр фэтэру ят».

- Хъунщ, - жери художникиР ежьэжащ.

Джэд ныкъуэ

Композитор Россини кьэмэжалIэри, шхапIэм щIыхьащ.

- Санэ Iэгубжьэ кьысхуэфхь, - жиIащ композиторым. - Зы джэдыщIи схуэвгъажьэ.

- НапIэзыпIэм, синьор! - кьыжриIащ шхапIэр зейм.

- Джэдым сыт и уасэ? - щIэупщIащ композиторыр.

- ЛиритI.

Россини и жьпым ильыр зы лирэт.

- Джэдым и ныкьуэмкIи зызгъэнщынущ - фи джэдыр зэрыпшэрыр зэхэсхащ, - жиIащ композиторым.

Ильэс 40-рэ дакъикъи 5-рэ

Пикассо Пабло деж тхакIуэ гуэр кIуащ:

- Си сурэтыр схуэщI, - жери.

ТхакIуэр Пикассо и ныбжьэгъ ут

- Хъунщ, си пащхьэм кьитIысхьэ, - жиIащ Пикассо.

ТхакIу эр художникым и пащхьэ итIысхьащ.

Кьэрэндащрэ тхылъымпIэрэ кьыщтэри, тхакIуэм сурэт тришIыкIын щIидзащ Пикассо. Дакъикитху хуэдизщ сурэтым зэрыпильар.

- У и сурэтыр хьэзыр, - жиIащ Пикассо, дакъикитху дэкIа нэужь.

- Ар сыту псынщIэу! - игъэщIэгъуащ тхакIуэм. - Дакъикитхущ уи пащхьэ сызэрисар.

- Ар пэжщ, ауэ зыщумыгъэгъупщэ сэ ильэс плIыщI хьуауэ узэрысцыхур, - жиIащ Пикассо.



Ягу пымыкIын щхьэкIэ

Дзэзешэ цIэрыIуэ Цезарь унафэ ищIат и сэлэтхэм я мэлуухэр цIуугъэнэ лъапIэхэмкIэ ягъэщIэрэщIэну.

- Ар сытым кьыхэкIыу? - щIэупщIащ зыгуэрхэр.

- Сэ лэгъэр кьыщикIуэ ткIэ, мэлуухэр хьыфIадзэну ягу пымыкIын щхьэкIэ, - жиIащ Цезарь.

Симонид щIогъуэж

Спартэм щыцIэрыIуэ Симонид и ныбжьэгъуэр кьеупщIат:

-УзыхущIегъу жа Iуэху уи гъащIэм къриубыдэу блэжьа?

- Iэджэрэ кьысщыщIащ апхуэдэр.

- Сытыр?

- Мыхъун щыжысIа. Абы сроукIытэж. Ауэ зэи сыхущIегъуэжакъым зыри щыжызмыIа кьыззэрыхуэм.

Делэхэм я тхылъ

Франджы пащтыхь Генрих Епплаенэм иIэт хьэжыгъафэ гушыIэрей, зы х эт Iуэху узехьэхэм кьащыщ щIэщхъ ухэр «Делэхэм я тхылъ» зыфIищам емызэшу иритхэу.

Зэгуэрым пащтыхьым гуаПэу кьриГъэблагъащ дуней ятIуэ кьэзыкIухь сатуущэр, зыкъомрэ дэуэршэрщ, Хьэрыпым кьыщагъэхъуа шы лъэпкъыфI кьыхуишэну гурыIуэр, ахьшэфI иритри, иутIыпщыжащ.

Хьэжыгъафэм псынщIэ дыдэу и тхылъым итхтхащ пащтыхьым и цIэр.

- Апхуэдэу щхьэ пщIа? - кьэгуфжьащ Генрих Епплаенэр.

- Зэи умылъэгъуа цIыхум апхуэдиз ахьшэ епт хь урэ? Щымыг угъ, кьигъэззэкмкъым абы.

- Кьигъэзэкмэ-щэ?

- Абы щыгъуэм уи цIэр мы тхылъым изохьутыкIыжри, сатуущэм ейр изотхэ! - жиIащ хьэжыгъафэм.

Фыхуей-фыхуэмейми

Президент Линкольн Авраам кьечэнджэщыну лIы г уп кьыщIыхьат.

- Еуэ доЪ, еуэ доЪ, Iэхуэм дыпэлъэщыркъым, - тхэуэсхьэрт ахэр.

- Пылым и кIэбдз лъакъуэр фыигъэмэ, фыхуей-фыхуэмейми фIэщIэкIынуц, - жиIащ президентым, - футIыпщи нэхъыфIщ.



Укъэмыкlу!

Македониущ Филипп, кьэрал зыбжанэ кьитIэлурыщIэри, Спартэм и унафэщIхэм мыпхуэдэ тхыгъэ яхуигъэхьащ: «ФызыхуэкIр жьифIэ, фи биИуэ е фи ныбжьэгъуу сыныфхуэкIуэнщ».

Мыгувэу Филипп кьыIэрыхьащ мыпху зд жэуап: «УкъэмыкIуэ хэмэ нэхъ кьыдощтэ».

Дэтхэнэра кьыхэсхынур?

Пасэрей алыдж еджагъэшхуэ Фемистокл и пхъур кьечэнджэщыну кьыхуэкIуащ. Хьыджэбзым жиIащ:

- Сядэ льапIэ, щIалитI кьысIоохьри, дэтхэнэра кьыхэсхынур? Зыр кьУелIащ, ауэ делэщ. Адрейр Iущщ, ауэ факъырэщ.

Фемистокл, кьыпыгуфыкIри, и щхьэр ищIащ:

- ЦIыху икьугъэ ахъшэншэр нэхъыфIщ, ахьшэр зи куэд цIыху ныкъуэм нэхьр.

«Дыщэ тэмакъ»

Уэрэжьыlакlу э щэджащэ Шаляпин Иван США-м кIуат. Тамо жиIэм щынэсым, кьащIыхури, зыгуэрхэм жаIащ мыпхуэдэу:

- Ар Шаляпинщ, зи тэмакъыр дыщэрщ!

Таможнэм и унафэщIым уэрэджыIакIуэр дохутыхрэм я деж иригъэшащ, хьэщIэм и тэмакъыр рентгенкIэ кьариГъэпщитэну.

Псей жыгыщхьэм

ИльэсыщIэр игъэлъапIэрт. ЖьантIэм щызэхэуба цIыхубзхэм кьахокIри, Хабаров Ерофей кьыбгъэдохьэ гуащэ зыкъэзыс гуэр, мыпхуэдэуи кьоупщI:

- Сыбыр пхыдзам укьикIыжауэ жаIэ, ар пэж?

- Пэжщ.

- Ильэсыщ Iэ блэкIам абы сыт хуэдэу ущыIущIа?

- Псей жыгыщхьэм сытесу.

- Ар дауэт зэрыхьуар? Хэтыт жыгыщхьэм узыIэтар?

- Дыгъужьхэм, гуащэ, дыгъужьхэм.

Цы сощэ

Иоганн Штраус хьэмаскIэ кьарэ цIыкIу иIащ. Зыкъом дэкIри, хьэмаскIэм и цыр цIырхь хьууэ гу лъитащ композиторым.

- Сыт хьэмаскIэм кьыщыщIар? - еупщIащ Штраус и Iэпыдзлъэпыдзым.

Iэпыдзлъэпыдзыр цIыпль хьури, заурэ зрилъэфыхьащ, иужьым зиумысыжащ:

- ХьэмаскIэм и цыр сощэ, уи щхьэцрауэ яжесIэурэ.

Сократ и ауаныр

Алыджжэм ящIэрт Сократ кьуеилгъэр кьыззэрыфIэмыIуэжыр. Абы кьыхьIыу гъэщIэгъуэн кьащыхьуащ ар тыку эныщхуэ гъэрым щIэту, хьэпшыпхэм хьэщыкъ ящIам ещхьу, щыгъын-лъыгъынхэр, цIуугъэнэ дахэхэр кьызэпипплъыжьу, абыхэ зм ящыгуфIыкIыу щалъагъум.

- Сыт ущIэдыхьэшхыр, Сократ? - еупщIащ абы зыгуэрхэр.

- Сэ сфIэдыхьэшхэнщ,- кьитащ жэуап абы Iущым - мы дунейм хьэпшып куэд дыдэ зэрытетым, зыкIи сахуэмейуэ.

Нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэр

Платон, кхъухькIэ дунеяплъэ кьэзыкIухьхэм яхэту, гъэпуанэ ятIуат Ауэ зы кьэрали, зы щIыпIэ дахи зригъэлъагъуну кьехьулIакъым. Кхъухьым и капитаныр Iэхум хуэмышэрыуэу кьыщIэкIри, цIыхухэр бэлыхь Iэджэм хигъэтащ, мыззэ-мытIэу кьыр папцIэхэм кхъухьыр жьэхигъауэуэрэ, щIригъэльафэ пэтащ. ИкIэм-кIэжым, псоми мыарэзыуэ зыкьалэтри, Альыджым кьамыгъэззэжу ядакъым.

- Уи гъуэгуанэм сыт нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэу щыпIэгъуар? - кьеупщIащ Платон и еджакIуэхэр, кхъухьым кьрашьжауэ и унэм щашэжьи.

- Нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэр, - жиIащ Платон, - псэууэ сыкьыззэреларк!

Укъамылъху щыкIэ

Пианист щэджащэ Рубинштейн Антон щыхьэщIэрт Еленэ Павловнэ гуащэ цIэрыIуэм и деж.

- ПщIэ зыхуэсщI Рубинштейн, - епсэльыIэу щIидзащ и хьэщIэм гуащэр,- пэжу пIэрэ пианисту укьалъхун хуейуэ яIуатэр?

- Пэжщ, зи щыхьыр ин, - жэуап кьитащ Рубинштейн. - Ауэ роялым зыри кьибгъэкIыфынукъым укьамылъхуауэ!

Щыхьым и къарур

Еджагъэшхуэ Аристотель и тхыгъэхэм ящыщ зым щыжиIэрт бадзэм лъакъуий щIэту. Абы зыми шэн кьытримыхьэурэ илъэс мниятIым нэблагъэ еФуэжащ. Iуэхур зэлубз кьыщыхъу ар студент гу эрым бадзэ кьиукIыу и лъакъуэхэр ибжа нэужьщ - лъакъуихт щIэтыр!

Сыт апхуэдиз зэманкIэ пэжыр сэтей кьыщIэмыхьхуар? Япэрауэ, Аристотель и щыхьыр инти, абы и Iуэху еплыкIэр мытэмэму зыми хуитхэфэщакъым. ЕтIуанэрауэ, цIыхушхуэм зи гугъу ищIа Iуэхур кьызэрыгуэкIыуэ-ти, кьыщIупщытэн щымыIэу псоми кьалъытат.

Зыри тхьэусыхэркъым

Франджы еджагъэшхуэ Монтень зэгуэрым жиIэтащ мыпхуэдэу:

- Мы дунейм нэхъ тэмэму, зэхуэдэу, захуагъэ хэлъу щагар уэшар акьылрауэ кьыщIэкIынущ.

- Сыт апхуэдиз щыжьмпIэр? - еупщIащ абы и еджакIуэхэр.

- Зыри тхьэусыхэркъым акьылыр кьыззэремщIэкIымкIэ, - жиIащ лIы Iущым.



Фыгъуэнэдымрэ щхъухьымрэ

Диоген еупщIащ зыгуэрыр:

- Сыт хуэдэ псэущхьэм и щэрэзым щхъухь нэхъыбэ хэлъ?

- Фыгъуэнэдыным, - жиIащ лIы губзыгъэм.

Щыжыпщlэ

ЩищIалэгъуэм американ кьэхутакIуэ Эдисон ахъшэ кьилэжьыр т, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр зэригъэпщыжурэ. Зэгуэрым ар ираджащ мыкьэнэшхуэ зиIэ станокыр мылэжьэжу кьыщыщывыIа заводым. Щалэм станокыр гупсэхуу кьыззэпиплъыхьащ, уадэ цIыкIкIэ гъущI пкъыгъуэхэм ящыщ зым тIэу кьудейрэ теуIуэри, станокыр лажьэу ежьэжащ.

- Сыт хуэдиз щыжьпщIэр? - гуфIэжу щIэупщIащ заводым и унафэщIыр.

- Долларищ!

- Ар дауэ ? ТIэу кьудейщ уадэкIэ станокым уэрыгтеуIуар.

- Пэжщ жыIэр, - щIэгуфIыкIащ и пащIэм щIалэщIэр, - теуIуэгъуитIым долларитI кьыпIэзох. Абы нэмыщкIэ доллар 98-рэ кьызэптым щыхуейр сызытеуIуэнумрэ сызэрытеуIуэну щыкIэмрэ сщIэу кьызэрыщIэкIарц.

Маззм щыщу зы килограмм

Американ щIэныгъэлI Г арэпъ Ури, хьэрш кхъухьыр маззм щынэмысам, жиIэрт:

- Маззм щыщу зы килограмм закъуэ сиIатэмэ, дунейр кьызэрыхъуам теухуауэ щыIэ упщIэ псоми я жэуапх эр естыфынут.

Маззм и пкъыгъуэу килограмм 400 Щым кьагъэсащ, кьапщытащ. ИтIанэ, хэщэтыкIри, У ри жиIащ:

- УпщIэхэр нэхъыбэж хьуащ!

Гуауэ зимыIа щыIэ?

Демокрит зэрыIущыр куэдым ящIэрт. Къэжэрхэм я пашэ Дарий пщым и щхьэгъусэ тхьэIухудыр щылIам ямылейуэ гущIыхьэ зэрыщыхьуар, куэдрэ зэригъейр щызэхихым, Демокрит пщыр кьигъэгугъащ, зыхуейр кьыхущIэм, и щхьэгъусэр кьыхуигъэхъужынущ.

Дарий унафэ ищIащ Демокрит зыхуэныкъуэ псори кьыхуагъуэ зтыну. Ауэ абы пщым пиубыдар мыращ: лIам и бэным зэи гуэр зымылъэгъуа цIыхущым я цIэхэр тритхэнырщ.

Дарий ар хуэфIэкIакъым. Демокрит жиIащ:

- Зэрыплъагъущи, гуауэ зимыIа щыIэкъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, уи щхьэгъусэр уимыIэжми, ямылейуэ ущIэгъуэгъэн, ущIэгуэн щыIэкъым.

Зэ гъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Жорумэ

Ныбапхъэр ягъэкъэбза нэужь, Іыхьэ-Іыхьэу (сантиметр 20х15 хуэдизу) зэпаупщІ. Щэмрэ ныхуПэмрэ я кІыхьагъэкІэ абы нэхъ тІэкІыкІэ нэхъ кІэщІу ягъэхъэзырри, ныбапхъэм (ар богъэтІылъ укъуэдияуэ, джафапІэ лъэныкъуэр къыдэгъэзеяуэ) зэхуэдэу кІуэцІалъхьэ, и щІыІум тралъхьэ бжыьи упщІэта (зы жэрумэм грамм 30 - 40 хуэдизу); зэрафэфкІэ шыгъу, шыбжий плъыжь хьэжа, джэдгун халъхьэ. А псори зэкІуэцІашыхьри, Іуданэ хужькІэ е кІэтІий псыгъуэ гъэкъэбзакІэ зэкІуэцІапхэж. Жэрумэр шыгъу зыхэлъ псы пщтырым халъхьэри, ягъавэ. Хьэзыр хъуа нэужь, абы щІыгъуу Іэнэм тралъхьэ бжьыныху шыпсрэ пІастэр.

Щ1ы1эщ жэрумэ зэрагъэхьэзыр нэгъэщІ Іэмалхэри. Ар дыгъэм е жьаэм щагъэгъуащІ, щагъэгъу. Апхуэдэ жэрумэр нэхъыбзэрэ щыбгъэшІ ягъэкъэбзэ. Ар щыхуэйм деж е ягъавэ, е ягъажьэ, кІэрэІоф щІэлъуи щІэмыльуи. Жэрумэ гъэвар е гъэжьар пщтыру Іэнэм трагъэувэ пІастэ щыІгъуу.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къэитхьажащ.

● Фэ фщІэрэ?

Анцдалъхь бзэм щІагъуэу

Кьлимы гъэсІэныр нахь

Хьэтхауэ - 1917 гъэм и пэкІэ кіужьэ Іухэущ1апІэхэм Іутту щыта Іуэхутхьэбзащ1э.

Хьэужьыуэ - гушыІэрей, нэжэжьэ.

Хьэфотэ - егъэлеяуэ зызыщІ, зызыгъэтІей.

Хьэшмэс - шыбжьыр зыфІадзэу гум иІэ гъущІ къэрэкъэщ1.

Хьэшт1эт1ыкь - шэмэдж Іэгупс.

Хьэщэпащэ - Іуэхум щІагъуэ химыгъэщІыжьыфу кьарУпщІэ хьуа.

Хьэщтакъ - пкъожьейхэмкІэ льагэу Іэтауэ мэкъымылэ щ1ахьмэ псэуалъэ.

Хьэщтрагу - гуэнщІэтыр щІэзыпупкІэ баш цыкьу.

Хьэфэ - бжьэ матэм иІэ бжьэ кІыльэтыпІэ.

Хьандырэ - кьуитІ зытет кхьэущ1ын льэужьыр.

Хьаржэ - щэн-къущхэун, сонцэджэрыпэ.

Хьарцыдж - афэ щыщатІа-гъэкІэ и щІагъын щІалъхьэу щыта цыджанэ лІэужьыгъэ.

Хьэпщу - ятІэ хьэупІэ.

Хьэрахъэ - щхьэпсынщІэ, зызыкъуэжьырей.

Хьэрэуэрэ - тІэкІу зыхуэхэт, зи акъылым тІэкІу чэм.

Хьэрмэзан - пхъэІэбжьанэ, пхъэІэлэп.

Хьэрлы - угурлы, хьэлэл, насыпыфІэ.

Хьэрсыз - хьэр зимыІэ.

ХьыбтІ - лэжьа, пІащІэ хьуа.

Хьыдашу - зызыщІ, іэжьаэн зи жагъуэ, зигъэщІэрэщІэн зыфІэфІ.

Хьыпт1эсыпт1 - зы хьэлым имыт , мызэпІэзэрыт, кІуей-щІей.

Хьырымыч - цыхьфэ фащэм щыщу тхьипхъэщІапхъэу хэдыкІэ бгъэІуль.

● Хъуэхъуэхэр

Абазэ Анатолэ Хьэмзэтхъан и кІуэр къыщІалъхуа махуэщ, мэлыжьыхьым и 2-м илъэс 70 ирокъу

Зыхуэдгъадэ щымыІэу фІыуэ тІъагъу ди адэ, адэшхуэу дэркІэ лъапІэ! Ди ущиякІуэ, чэнджещІэгъу Іущым, щабэм, гуапэм уи узынщагъэрэ уи гуащІэрэ мыкІуэщІу, дэрэжэгъуэ уиІэу, уи быным, абыхъэм я щІэблэм я насыпым уи псэр игъэгуфІэрэ уи гум ехуэбыліэу, ди жьэгум урипІъыщІи, ар мыужьыхыпу тхэупхъумэну, мамэрэ уэрэ фыізэкІуэту ильэсищІэ уцрикъуну уи махуэщхэр дгъэльэпІэну дынокъуэхъу.

Уи бынхэу Маритэрэ Иринэрэ, уи пхъурыльхуэу Кариноу, Эллэ, Алинэ. Налшык къалэ.

Анзорей къуажэм щыпсэу Къуанаш Сэрэбий Мухьэмэд и къуэр илъэс 52-рэ ирокъу

Уи псэ кьабзэм уи дунейр дэщІэращІэу, дэрэжэгъуэр уи куэду, кьыпщІэхъуа щІэблэм уагъэгушхуэрэ я насыпым ухэпІъэу, узынщэу, гуныкъуэгъуэ уимыІэу Ікъэм куэдрэ утхуигъэпсэу.

Уи щхьэгъуэз Маритэ, уи къуэхэу Анзоррэ Заурэ, уи ныІэ Залинэ.

Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ Уэрдокъуэ Адмир ильэс ирокъу

Жьыр щІэри дызэтхъэкъу ди пщащэ гъэфІэным уи ятІэ пІэбакъуэр пчащи, уи гъащІэ гъуэгур кІыхь хьуну, уи нэ щыкІуэхэм хуэдэу уи уафэр кьащхъуэрэ уи щыпхэр щхъуантІэу сабиигъуэ Іэфі іуІэну, адыгэм и щІыхьыр ину зыІэтын, пъэнкъыр зэрыгуІуэхэр щІэныгъэ куу, акъылрэ Іуэхущ1афэ дахэрэ уиІэну, насып иныІэ Къэр зыхуэупсахэм ящыщ пщащэ ухъуну дынокъуэхъу.

Салим, Мадинэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

"Зэ мыхъуми зэ уи лъэпкъым и гъуэгум утехъэжынущ"

Зи щІалэгъуэхэм ф1ыуэ ятъагъу, Осетие Ипщэм щ1ыхь зиІэ и артист, уэрэджы1ак1уэ Хъыжьырокъуэ Сэльтэ1ан и Іуэхуэхэр зытетым, и мурадхэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ.

- Уи лэжьыгъэр, Іэщ1агъэр к1ыхьэрыхьэ1ха щ1ыхьэм, ар уи адэ-анэм к1ыхьэрыщ1ыхьуам и гугъу к1ыт1ухуэп1щ1амэ ди гуапэт.

- Сэ Дыгулыбгъуей къуажэм сыкъыщалъхуащ. Си адэрэ си анэрэ схуэуэзынщ1эщ, къуэшитІ сиІэщ. Ут1ыку к1ихьэн зэрыщ1эщ-дзэрэ си Іуэху, си лэжьыгъэ зэгуэр абыхэм къыздамыІъащ сщІэжьыркъым. Сытым дежи сагъэгушхуэ, си къуэшхэр зы концерт кьамыгъанэу к1ок1уэ. Ахэр зытемыІуІ1ытыхьэн анэжьапІъэу, ахуэфэщэн быну сыщ1ытыфмэ, си насып.

Сэ курыт адэжапІэм и 8-нэ классым сыщІэсу иджыпсту сызэпэжь Іуэхум сыкъыхьащ. Уэрэд жьс1эрт, сыкъафэрт, ныбжьыщІэхэм къэфакІэ егъащІэрт. ЕджапІэ нэхъыщхьэм сыщІэтыгъэхьа ныжьэ, «Студент гьатхэрщ» си Іэщ1агъэм пщ1ыдзэ хуэхъуар.

- Агроном Іэщ1агъэм нэмыщІ, муузыкэ щІэныгъэ уиІэ, Сэльтэ1ан?

- Сэ мак1ьамэм сыхуеджакъым, зы ноти сщІэрхьэм, уебІэмэ, зыми сиІъэсакъым. ЕджапІэ удгъэк1уэнщ, ф1ыуэ ухоэагъэ, уи щІэныгъэм хэгъахъуэ, щыжаІэм сахуэхІуэгъкъым. Иджы сызэрыхущІегъуэжьым п1ы хэлъ1ыкъым. Ауэ муузыкэ щІэныгъэ сызэримыІэр си гум и1ь псальэхэмрэ мак1ьамэхэмрэ щ1ыхуэм я пащ1ьэм ипсЫхэнымкІэ зэран к1ыхьэхуэхуу к1ыхьэщ1ыхуэрыкъым.

- С1ызэрыщ1ыгъуаз эмк1э, «Уэ зызэкъуэращ» уэрэдыр б1гъэзэщ1а нэужь, щ1эрыІуэ уэхуащ.

- Пажщ, а уэрэдыр ф1ыуэ ятъэгуат, концертхэм к1ыщ1ыздекжьуэ. Сщ1эркъым ар апхуэдизу щ1ыхуэхэм я гум щ1ыдыхьар, ауэ, п1ы хэмыльу, си гум ф1ыуэ гъэм сэбэн хуэхъуат.

- Уи пэжьыгъэм хуэ1эижь щ1ыхуэм щхьэкІэ, ар дохутыр1уи, ет1ыджак1уэуи, артистуи щ1ер-ти, Тхьэм к1ыьбГъэдэкІа Іэщ1ъэп1щ1ж1э. Апхуэдэу зыгуэрым к1ыщ1ьбжи1а к1ьхъуа?

- Профессионалэм, журналист щхьэхуэхэм, нэгъэщІ ц1ыхуэхэм сэ си лэжьыгъэм щхьэж и епт1ыкІэ хуэ1эжщ. Сэ сихуэмыджауэ к1ьэфэн щІэзэрыгъуэм, тхуэзф1эжІ к1ьдгъ1ьанэркъым, республикэм и президент Кокойты Эдуардри ди ГЪУНЭГЪУМуридхэ зы джэду гъэщІэгъуэн гуэр яІэщ. Абы и щІыфэ псор щы хужь к1ыхьк1э щІэгъэнащ, кІэ бзаІацэшхэ пытщ, и лъакъуэхэр кІэщІщ, и тхьэкІымтІыр дзасэу итІащ, пащІэ фІыцІэ, набдзэ фІыцІэщ.

Сыбыр джэду лъэпкъыу жаІэ, зы дагъэи хуумыщІыфыпу псэущхьэ дахэщ. А и дахагъым хуэфэщэн хьэл-щэн екІуи хэтщ; и фІей зэи унэм къыщІинэркъым, Іуэху иІэнымэ, пщІэуу Іэбжэм ІопІэсхъ, къыщІыхьэжьынуэ, лъакъуэкІэ къытоуІуэ. Фіыуэ дзыгъэ хьеубыд, ауэ ишхырхъым, щІым щІетІэ. Щ1ыкІуэхэм ябгъурысу «жьжиІэу, зззэмызэ и бзэгур кІридзу телевизор еплъу Зман кІыхькІэ щ1ысфщ.

Зэрыщ1ыкІуэрэ «зыщІапІыкІа» адыгэбзэр фІыуэ кІыгъ1ыпІуэу щ1ытащ: «Іук1 - жьыпІэмэ Іук1ырт, - бжэкъуагъым деж тІыс- жьыпІэмэ, абдеж к1уэрти т1ысырт. Ауэ и ижьым адыгэбзэкІэ жепІэр и1ыщІэу, урысыбзэкІэ хуэдизу, ч1ыдфэкІэ дагъэнэщ1у игъэщІэ хъуащ: «уйдижьыпІэмэ, Іуок1, «иди сюда» жьыпІэмэ, кхьыббгъздохь. Джэдуф -зыщІапІыкІа» бзэр зэрихъэжьаи щхьэусыбгуитІ и1эщ: зпІэрауэ, Мурид и щхьэгъусэрри и бынхэри унэм урысыбзэкІэ фІэкІа зэрщ1ымыпсэльтхьэжырщ; етІуанэрауэ, а псэущхьэр ф1эфІу доІэпхьа, щІэта телевизорэщ1ра адыгэбзэкІэ зыри зэрыжиІ.

● Дызэвгъэгупсысыж

Зэманым декІу джэду

ф1ыуэ ф1щІэмэщ ф1ыуэ ф1щІэмэщ ф1ыуэ ф1щІэмэщ